# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ SÍRTQÍ SAWDA AYLANÍSÍ
***(2021- jıl yanvar-dekabr ayları ushın dáslepki maǵlıwmat)***

Respublika ekonomikasın rawajlandırıw strategiyası diversifikaciyalanǵan hám básekege shıdamlı ekonomikanı jaratıwǵa, innovacion texnologiyalar hám bazardı basqarıwdıń jańa usıllarınan paydalanǵan halda milliy resurslardan maksimal dárejede paydalanıwǵa baǵdarlanǵan. Mámlekettiń sırtqı ekonomikalıq iskerligi, atap aytqanda sırtqı sawda tarawında ámelge asırılıp atırılǵan reformalardıń aqırǵı nátiyjesi xalıqtıń turmıs dárejesine óz tásirin ótkeredi.

2021- jildıń yanvar-dekabr aylarıı juwmaǵı menen respublikanıń sırtqı sawda aylanısı (tekstte SSA) 657,2 mln. AQSh dolların qurap, 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 118,2 mln. AQSh dollarına yaǵnıy 21,9 % ke kóbeydi.



**SÍRTQÍ SAWDA AYLANÍSÍ HÁM BALANSÍ**
***(yanvar-dekabr, mıń AQSh dolları)***



| | 2020- jıl | 2021- jıl | Ósiw pátleri, % te | Jámige salıstırǵanda, % te |
|---|---|---|---|---|
| Sırtqı sawda aylanısı | 538 991,0 | 657 184,3 | 121,9 % | x |
| **Eksport** | **362 688,5** | **418 605,2** | 115,4 % | **100,0** |
| *tovarlar* | *360 154,2* | *416 057,1* | *115,5* | *99,4* |
| *xızmetler* | *2 534,3* | *2 548,1* | *100,5* | *0,6* |
| *altın* | - | - | - | - |
| **Import** | **176 302,6** | **238 579,1** | 135,3 % | **100,0** |
| *tovarlar* | *168 843,2* | *226 807,9* | *134,3* | *95,1* |
| *xızmetler* | *7 459,4* | *11 771,2* | *157,8* | *4,9* |
| **Saldo** | **186 385,9** | **180 026,1** | **x** | **x** |

*Maǵlıwmat ushın: Ózbekstan Respublikasınıń tovarlar sırtqı sawdası statistika kórsetkishlerin qáliplestiriwde, Sırtqı ekonomikalıq iskerlik Tovar nomenklaturası (keyingi orınlarda SEI TN) menen birgelikte, Birlesken Milletler Shólkeminiń Xalıqaralıq standartlasqan sawda klassifikatorı (keyingi orınlarda – XSSK) isletiledi. Bul óz náwbetinde analitikalıq maqsetlerde eksport hám import qılınatuǵın tovarlardı 10 úlken bólimge gruppalaw ushın imkan beredi. Tovarlardı XSSK boyinsha kodlastırıw, SEI TN hám XSSK ortasında ótiw giltleri járdeminde ámelge asırıladı.*

SSAda eksport kólemi 418,6 mln. AQSh dollarına (15,4 % ke kóbeydi) hám import kólemi 238,6 mln. AQSh dollarına (35,3 % ke kóbeydi) jetti. Sırtqı sawda aylanısı saldosı 180,0 mln. AQSh dollardı quradı.



**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MENEN SÍRTQÍ SAWDA AYLANÍSÍ EŃ JOQARÍ ÚLESKE IYE BOLǴAN MÁMLEKETLER**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, mln. AQSh dolları)***




Qaraqalpaqstan Respublikası, jáhánnıń 49 dan artıq mámleketleri menen sawda baylanısların ámelge asırıp kelmekte. SSAnıń salmaqlı úlesi Qıtay Xalıq Respublikasında (23,2 %), Túrkiyada (16,4 %), Rossiya Federaciyasında (18,9 %), Qazaqstanda (9,7 %), Latviyada (5,0 %), Ukraina (2,3 %) hám Qırǵız Respublikasında (4,7 %) gúzetilgen.

úzliksiz islewin támiyinilew ushın respublikada zárúr resurslar bazası jaratılǵan. Eksport quramında sezilerli ózgerislerge import tovarlarınıń ornın basatuǵın ónimler islep shıǵarıw hám sanaat óndirisin diversifikaciya qılıw nátiyjesinde erisildi.

Sonday-aq, qońsı mámleketler menen óz-ara baylanıslardı bekkemlew, mámleketlerdiń social-ekonomikalıq, sawda-sanaat hámde mádeniy salalardaǵı baylanısların rawajlandırıw boyınsha úlken isler ámelge asırılıp atırılǵanlıǵın kóriw múmkin.

SSA da sońǵı jıllarda úlken ózgerisler gúzetilip atır. Mısal ushın, sońǵı úsh jılda SSA da Qırǵızıstan, Awǵanıstan hám Tájikistan menen sırtqı sawda aylaısınıń óskenligi gúzetilmekte. Basqa mámleketler (qońsı mámleketlerden tısqarı) menen bolsa, SSA da eń joqarı úlesi Qıtay Xalıq Respublikası, Rossiya Federaciyası, Túrkiya hám Latviya mámleketleri úlesine tuwra kelgen.



**UNAMLÍ SÍRTQÍ SAWDA BALANSÍ GÚZETILGEN TÓRT MÁMLEKET**
***(yanvar-dekabr, mıń AQSh dolları)***




Sırtqı ekonomikalıq iskerligi boyınsha 20 iri sherik-mámleketler arasınan 12 mámlekette unamlı sırtqı sawda balansı gúzetilgen, sonnan, Qıtay Xalıq Respublikası (152,7 mln. AQSh dolları), Túrkiya (107,6 mln. AQSh dolları), Rossiya (124,3 mln. AQSh dolları) hám Qazaqstan (64,0 mln. AQSh dolları) usılar qatarınan. Qalǵan 6 mámleket penen passiv sırtqı sawda balansı saqlanıp qalmaqta.



## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ IRI SHERIK MÁMLEKETLER MENEN SÍRTQÍ SAWDA AYLANÍSÍ DINAMIKASÍ
*(yanvar-dekabr, mln. AQSh doları)*

| Mámleketler | 2019- jıl | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|---|
| **Qıtay Xalıq Respublikası** | **177,5** | **155,9** | **152,7** |
| Eksport | 110,6 | 120,3 | 108,1 |
| Import | 66,9 | 35,6 | 44,6 |
| Saldo | 43,7 | 84,7 | 63,5 |
| **Túrkiya** | **80,6** | **71,8** | **107,6** |
| Eksport | 60,5 | 68,9 | 93,1 |
| Import | 20,1 | 2,9 | 14,5 |
| Saldo | 40,4 | 66 | 78,6 |
| **Rossiya Federaciyası** | **180,2** | **109,3** | **124,3** |
| Eksport | 143,5 | 66,4 | 82,2 |
| Import | 36,7 | 42,9 | 42,1 |
| Saldo | 106,8 | 23,5 | 40,1 |
| **Qazaqstan** | **75,1** | **53,9** | **64,0** |
| Eksport | 60,7 | 35,4 | 40,1 |
| Import | 14,4 | 18,5 | 23,9 |
| Saldo | 46,3 | 16,9 | 16,2 |
| **Latviya** | **30,2** | **26,2** | **32,9** |
| Eksport | 21,1 | 21,8 | 29,9 |
| Import | 9,1 | 4,4 | 3,0 |
| Saldo | 12,0 | 17,4 | 26,9 |
| **Ukraina** | **5,4** | **11,7** | **15,3** |
| Eksport | 2,2 | 10,6 | 14,3 |
| Import | 3,2 | 1,1 | 1,0 |
| Saldo | -1 | 9,5 | 13,3 |

| Mámleketler | 2019- jıl | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|---|
| **Koreya Respublikası** | **58,4** | **31,9** | **31,0** |
| Eksport | 12,2 | 6,5 | 7,6 |
| Import | 46,2 | 25,4 | 23,4 |
| Saldo | -34 | -18,9 | -15,8 |
| **Qırǵız Respublikası** | **4,8** | **4,8** | **10,0** |
| Eksport | 3,1 | 2,5 | 5,9 |
| Import | 1,7 | 2,3 | 4,1 |
| Saldo | 1,4 | 0,2 | 1,8 |
| **Awǵanıstan** | **0,7** | **3,9** | **4,4** |
| Eksport | 0,7 | 3,9 | 4,4 |
| Import | - | - | - |
| Saldo | 0,7 | 3,9 | 4,4 |
| **Irak** | **3,4** | **4,1** | **3,9** |
| Eksport | 3,4 | 4,1 | 3,9 |
| Import | - | - | - |
| Saldo | 3,4 | 4,1 | 3,9 |
| **Tájikistan** | **3,1** | **7,5** | **3,3** |
| Eksport | 3,1 | 7,5 | 3,3 |
| Import | - | - | - |
| Saldo | 3,1 | 7,5 | 3,3 |
| **Iran** | **6,0** | **2,7** | **6,7** |
| Eksport | 0,2 | 0,1 | 2,7 |
| Import | 5,8 | 2,6 | 4 |
| Saldo | -5,6 | -2,5 | -1,3 |
| **Litva** | **3,4** | **1,7** | **14,2** |
| Eksport | 0 | 0 | 2,2 |
| Import | 3,4 | 1,7 | 12 |
| Saldo | -3,4 | -1,7 | -9,8 |

| Mámleketler | 2019- jıl | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|---|
| **Franciya** | **1,3** | **1,1** | **2,9** |
| Eksport | 0,1 | 0,8 | 1,7 |
| Import | 1,2 | 0,3 | 1,2 |
| Saldo | -1,1 | 0,5 | 0,5 |
| **Gruziya** | **0,4** | **1,7** | **1,4** |
| Eksport | 0,4 | 1,7 | 1,4 |
| Import | - | - | - |
| Saldo | 0,4 | 1,7 | 1,4 |
| **Pákistan** | **0,1** | **3** | **1,6** |
| Eksport | 0,1 | 3 | 1,4 |
| Import | - | - | 0,2 |
| Saldo | 0,1 | 3 | 1,2 |
| **Germaniya** | **4,7** | **2,5** | **11,1** |
| Eksport | 1 | 0,4 | 0,8 |
| Import | 3,7 | 2,1 | 10,3 |
| Saldo | -2,7 | -1,7 | -9,5 |
| **Túrkmenistan** | **4,1** | **3,3** | **4,4** |
| Eksport | 0,5 | 0,7 | 0,8 |
| Import | 3,6 | 2,6 | 3,6 |
| Saldo | -3,1 | -1,9 | -2,8 |
| **Ázerbayjaon** | **0,6** | **0,3** | **0,8** |
| Eksport | 0,6 | 0,2 | 0,6 |
| Import | 0 | 0,1 | 0,2 |
| Saldo | 0,6 | 0,1 | 0,4 |
| **AQSH** | **1,3** | **1,4** | **1,2** |
| Eksport | 0,1 | 0,6 | 0,6 |
| Import | 1,2 | 0,8 | 0,6 |
| Saldo | -1,1 | -0,2 | 0 |

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sırtqı sawda aylanısınıń úshten bir bólegi ǴMDA mámleketlerine tuwra keledi hám bul kórsetkish sońǵı jıllarda biraz ózgerdi.

Respublikamızda sırtqı sawdanı qollap-quwatlaw hámde ǴMDA mámleketleri menen usı saladaǵı sheriklikti jánede bekkemlew boyınsha alıp barılıp atırılǵan is-ilájlarǵa qaramay, 2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında, sırtqı sawda aylanısında ǴMDA mámleketleriniń úlesi 33,9 % ti qurap, 2020- jılǵa salıstırǵanda sırtqı sawda aylanısındaǵı úlesi 1,8 % ke kemeygen.



**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ SÍRTQÍ SAWDA AYLANÍSÍNDA ǴMDA MÁMLEKETLERI HÁM BASQA MÁMLEKETLERDIŃ KÓLEMLERI DINAMIKASÍ**
***(yanvar-dekabr, mln. AQSh dolları, úlesi, % te)***




Basqa sırt el mámleketleriniń SSA sı 2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında 2020- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 33,9 % ke kóbeydi hám jámi SSA daǵı úlesi 66,1 % ti quradı.

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ EKSPORTÍ
## *(2021- jıl yanvar-dekabr)*

Usı jıldıń yanvar-dekabr aylarında mámlekettiń eksportyorları sanı 219 di qurap, olar tárepinen 418,6 mln. AQSh dolları (qımbat bahalı metallar eksportınan tısqarı) kólemindegi (2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 15,4 % ke kóbeydi) tovar hám xızmetler eksport qılınıwı támiyinlendi.

Eksport quramında tovarlar úlesi 97,9 % ti qurap, olar tiykarınan ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler (66,6 %), sanaat tovarları (12,4 %), azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵidan tısqarı (13,8 %), azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar (5,1 %) úlesine tuwra kelmekte.




### XSSK BOYÍNSHA EKSPORT QURAMÍ
*(2021- jıl yanvar-dekabr, úlesi, % te)*



## ĠMDA HÁM BASQA MÁMLEKETLERGE EKSPORT QURAMÍ
*(2021- jıl yanvar-dekabr)*

| XSSK quramı | Jámi | | | ǴMDA mámleketleri | | | Basqa mámleketler | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | mıń AQSh dolları | ótken jılǵa salıstırǵanda, % te | ulıwma kólemge salıstırǵanda, % te | mıń AQSh dolları | ótken jılǵa salıstırǵanda, % te | ulıwma kólemge salıstırǵanda, % te | mıń AQSh dolları | ótken jılǵa salıstırǵanda, % te | ulıwma kólemge salıstırǵanda, % te |
| **Jámi eksport** | **418 602,5** | **115,4** | **100,0** | **147 457,9** | **119,2** | **100,0** | **271 144,6** | **113,5** | **100,0** |
| sonıń ishinde: | | | | | | | | | |
| Azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar | 21 289,2 | 99,7 | 5,1 | 8 262,1 | 82,0 | 5,6 | 13 027,1 | 115,6 | 4,8 |
| Ishimlikler hám temeki | 24,7 | 46,7 | 0,0 | 24,7 | 46,7 | 0,0 | | - | - |
| Azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵidan tısqarı | 57 556,7 | 127,8 | 13,7 | 4 422,9 | 166,9 | 3,0 | 53 133,8 | 125,4 | 19,6 |
| Mineral janılǵi, maylaw mayları hám usıǵan uqsas materiallar | 1 201,0 | 66,4 | 0,3 | 738,1 | 186,0 | 0,5 | 462,9 | 32,8 | 0,2 |
| Haywanlar hám ósimlikler mayları, maylar hám mumlar | - | - | - | | - | - | | - | - |
| Ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler | 278 972,0 | 111,4 | 66,6 | 121 561,8 | 123,7 | 82,4 | 157 410,2 | 103,5 | 58,1 |
| Tiykarınan material túrine qarap klassifikaciyalanǵan sanaat tovarları | 52 026,9 | 131,8 | 12,4 | 9 678,1 | 99,3 | 6,6 | 42 348,8 | 142,5 | 15,6 |
| Mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri | 4 194,2 | 757,6 | 1,0 | 15,4 | - | - | 4 178,8 | - | - |
| Hár qıylı tayar buyımlar | 789,7 | 369,7 | 0,2 | 636,2 | 358,6 | 0,4 | 153,5 | 424,0 | 0,1 |
| Xızmetler | 2 548,1 | 100,5 | 0,6 | 2 118,6 | 113,0 | 1,4 | 429,5 | 65,1 | 0,2 |

ǴMDA mámleketleri hám basqa mámleketlerge eksporttıń baǵdarı boyınsha parqlanıwlar barlıǵı gúzetilmekte. Sonnan, ǴMDA mámleketlerine eksporttıń tiykarǵı bólimi ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler úlesine tuwra kelmekte, eksport kólemi boyınsha keyingi orınlarda sanaat tovarları, azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar hámde azıq-awqatlıq emes shiyki zatqa (janılǵidan tısqarı) tuwra kelmekte.

2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında eksport qılınǵan tovarlar hám xızmetler quramınıń analizi sonı kórsetpekte, tovarlar hám xızmetler quramında sezilerli ózgerisler bolmadı, biraq sonı aytıw kerek, 2020- jıldıń yanvar-dekabrǵa salıstırǵanda, azıq-awqatlıq emes shiyki zat (janılǵidan tısqarı), sanaat tovarları hámde xızmetlerden tısqarı barlıq tovar gruppalarında ósim gúzetildi.




**EKSPORT QURAMÍ DINAMIKASÍ**
***(yanvar-dekabr, % te)***

| XSSK quramı | 2019- jıl | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|---|
| **Jámi** | **100,0** | **100,0** | **100,0** |
| Azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar | 5,9 | 5,9 | 5,1 |
| Ishimlikler hám temeki | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| Azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵidan tısqarı | 12,4 | 12,4 | 13,7 |
| Mineral janılǵi, maylaw mayları hám usıǵan uqsas materiallar | 0,5 | 0,5 | 0,3 |
| Haywanlar hám ósimlikler mayları, maylar hám mumlar | 0,4 | 0,4 | - |
| Ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler | 68,9 | 69,0 | 66,6 |
| Tiykarınan material túrine qarap klassifikaciyalanǵan sanaat tovarları | 10,9 | 10,9 | 12,4 |
| Mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri | 0,2 | 0,2 | 1,0 |
| Hár qıylı tayar buyımlar | 0,1 | 0,1 | 0,2 |
| Xızmetler | 0,9 | 0,7 | 0,6 |



# XSSK BÓLIMI BOYÍNSHA AYÍRÍM ÓNIMLER EKSPORTÍNÍŃ QURAMÍ
*(2021- jıl yanvar-dekabr)*

| XSSK bólimi atı | Mıń AQSh dolları | 2020-jıldıń sáykes dawirine salıstırǵanda, % te |
|---|---|---|
| **Azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar** | | |
| Palız hám miyweler | 17 030,3 | 92,1 |
| Dánli eginler hám olardan tayarlanǵan ónimler | 4 030,6 | 142,4 |
| Kofe, shay, kakao, ziravarlar hám olardan tayarlanǵan ónimler | 161,9 | 813,6 |
| Sheker, shekerden tayarlanǵan ónimler hám bal | 61,9 | 212,7 |
| Hár qıylı azıq-awqat ónimleri hám preparatlar | 1,2 | 32,4 |
| Sút ónimleri hám qus máyekleri | 3,7 | - |
| **Ishimlikler hám temeki** | | |
| Ishimlikler | 26,8 | 50,7 |
| **Azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵidan tısqarı** | | |
| Haywanlar hám ósimliklerden kelip shıqqan shiyki zat materialları | 37 839,6 | 111,4 |
| Toqımashılıq talaları hám olardıń shıǵındıları | 14 390,4 | 186,4 |
| May alınatuǵın tuqımlar hám miyweler | 180,3 | 93,1 |
| Tóginler ushın shiyki zat hám mineral shiyki zat (kómir, neft hám qımbat bahalı taslardan tısqarı) | 5146,4 | 164,5 |
| **Mineral janılǵi, maylaw mayları hám usıǵan uqsas materiallar** | | |
| Neft hám neft ónimleri hám usıǵan uqsas materiallar | 1 201,0 | 66,4 |
| **Haywanlar hám ósimlikler mayları, maylar hám mumlar** | | |
| Ósimlik mayları (qam, tazalanǵan yaki frakciyalanǵan) | - | - |
| **Ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler** | | |
| Organikalıq emes ximiyalıq zatlar | 119,6 | 927,1 |
| Birlemshi formadaǵı plastmassalar | 278 631,0 | 111,3 |
| Efir mayları, rezinoidlar hám parfyumeriyalıq zatlar; xájetxana preparatları, polirovkalaw hám juwıw quralları | 207,1 | 211,5 |
| Basqa jerde klassifikaciyalanbaǵan ximiyalıq materiallar hám ónimler | 0,4 | - |

| | | |
|---|---|---|
| Boyaytuǵın hám terini iyleytuǵın zatlar hám boyawlar | 6,1 | - |
| Birlemshi bolmaǵan formadaǵı plastmassalar | 7,9 | - |
| **Sanaat tovarları** | | |
| Toqımashılıq iyirilgen jibi, gezlemeler, tayar buyımlar hám usıǵan uqsas ónimler | 45 796,2 | 129,6 |
| Probka hám terekten tayarlanǵan buyımlar (mebelden tısqarı) | 26,3 | 11,9 |
| Shoyın hám polat | - | - |
| Ruda bolmaǵan qazılmalardan tayarlanǵan ónimler | 6 169,9 | 158,8 |
| Metallardan tayarlanǵan buyımlar | 34,5 | 9,1 b. |
| **Mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri** | | |
| Avtomobiller | - | - |
| Elektr mashinaları, apparatlar, ásbaplar hám olardıń elektr bólekleri | 0,4 | - |
| Sanaat ushın arnawlı bolmaǵan mashinalar hám olardıń detalları | - | - |
| Elektr baylanısı, dawıstı jazıw hám esittiriw apparaturaları hám úskeneleri | - | - |
| Energiya generatorı mashinaları hám ásbap-úskeneler | 4 181,7 | - |
| Maxsus bo'limlar uchun maxsus mo'ljallangan mashinalar | 12,1 | 118,6 |
| **Hár qıylı tayar buyımlar** | | |
| Hár qıylı tayar buyımlar | 95,9 | 188,4 |
| Arnawlı, ilimiy hám qadaǵalaw ásbapları hám apparatları | 663,2 | 792,4 |
| Кiyim-кenshekler hám кiyim-кenshek buyımları | 29,1 | 37,1 |
| Santexnika, isitish va yoritish uskunalari uchun binolar, armatura va armatura bloklari, boshqa toifalarga kiritilmagan | 1,5 | - |
| **Xızmetler** | | |
| Finanslıq xızmetler | 712,4 | 102,0 |
| Transport xızmetleri | 1 451,6 | 137,0 |
| Saparlar (turizm) | 384,1 | 101,7 |
| Basqa is boyınsha xızmetler | - | - |
| Qurılıs xızmetleri | - | - |

Sońǵı úsh jılda ǴMDA mámleketlerine eksport kólemi kemeydi hám olardıń jámi eksporttaǵı úlesi 2019- jıldıń yanvar-dekabrdaǵı 49,8 % ten 2021- jıldıń yanvar-dekabrda 35,2 % ke kemeydi. Mas ráwishte basqa mámleketlerdiń jámi eksporttaǵı úlesi 64,8 % ti quradı.

**ǴMDA HÁM BASQA MÁMLEKETLERGE TOVAR HÁM XÍZMETLER EKSPORTÍ KÓLEMLERI DINAMIKASÍ**
***(yanvar-dekabr, mln. AQSh dolları, úlesi, % te)***




2021- jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵında tovar hám xızmetler eksportı boyınsha tiykarǵı sherik mámleketler quramında Qıtay Xalıq Respublikası (eksport ulıwma kóleminiń 25,8 % i), Túrkiya (22,2 %), Rossiya Federaciyası (19,6 %), Qazaqstan (9,6 %), Latviya (7,1 %), Ukraina (3,4 %) hám Koreya Respublikası (1,8 %) mámleketleri saqlanıp qalmaqta hámde olardıń jámi eksporttaǵı úlesi 89,5 procentti quramaqta.

**RESPUBLIKA EKSPORTÍNDA TIYKARǴÍ SHERIK MÁMLEKETLERDIŃ ÚLESI**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, % te)***




2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında, ótken jıldaǵı tovarlar hám xızmetler eksportı boyınsha tiykarǵı sherik mámleketlerden jetekshi bolǵan Túrkiya ekinshi orınǵa túsiwi esabınan, Qıtay Xalıq Respublikası eksporttaǵı úlesi boyınsha jetekshilikti aldı.

Usı jıldıń yanvar-dekabr aylarında sherik mámleketlerdiń tovarlar hám xızmetler eksportı boyınsha geografiyası 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 39 mámleketten 45 mámleketke kóbeydi.



## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ TIYKARǴÍ SHERIK MÁMLEKET-LERGE ÁMELGE ASÍRǴAN EKSPORTÍ KÓLEMI HÁM ÓSIM PÁTLERI *(yanvar-dekabr)*

| Mámleket atı | Mıń AQSH dolları | | Ósim pátleri, % te | | Ornı | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2020- j. | 2021- j. | 2020- j. | 2021- j. | 2020- j. | 2021- j. |
| Qıtay Xalıq Respublikası | 120274,6 | 108059,8 | 108,7 | 89,8 | 1 | 1 |
| Túrkiya | 68899,4 | 93058,3 | 114,0 | 135,1 | 2 | 2 |
| Rossiya | 66377,0 | 82163,4 | 46,2 | 123,8 | 3 | 3 |
| Qazaqstan | 35401,2 | 40062,0 | 58,3 | 113,2 | 4 | 4 |
| Latviya | 21819,7 | 29883,1 | 103,5 | 137,0 | 5 | 5 |
| Ukraina | 10571,5 | 14300,3 | 483,5 | 135,3 | 6 | 6 |
| Koreya Respublikası | 6461,3 | 7634,6 | 53,0 | 118,2 | 8 | 7 |
| Qırǵız Respublikası | 2541,5 | 5927,3 | 80,8 | 233,2 | 13 | 8 |
| Awǵanıstan | 3915,8 | 4378,3 | 568,7 | 111,8 | 10 | 9 |
| Irak | 4082,8 | 3891,4 | 119,0 | 95,3 | 9 | 10 |
| Tájikstan | 7472,2 | 3323,3 | 243,3 | 44,5 | 7 | 11 |
| Iran | 99,7 | 2690,9 | 52,3 | 2699,3 | 30 | 12 |
| Litva | 23,8 | 2163,7 | 492,2 | 9099,9 | 38 | 13 |
| Franciya | 762,0 | 1658,6 | 732,1 | 217,7 | 17 | 14 |
| Gruziya | 1748,2 | 1433,9 | 389,4 | 82,0 | 14 | 15 |
| Pákistan | 3024,3 | 1404,6 | 5819,8 | 46,4 | 11 | 16 |
| Germaniya | 428,1 | 818,0 | 44,6 | 191,1 | 20 | 18 |
| Túrkmenistan | 698,2 | 814,2 | 138,0 | 116,6 | 18 | 19 |

Usı mámleketlerge eksport qılınıp atırılǵan tovarlar quramına tiykarınan ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler, sanaat tovarları hámde azıq-awqatlıq emes shiyki zat (janılǵıdan tısqarı) kiredi.

## RESPUBLIKANÍŃ AYÍRÍM MÁMLEKETLER MENEN EKSPORT QURAMÍ
*(2021- jıl yanvar-dekabr, mıń AQSh dolları)*

| XSSK quramı | Qıtay | | Túrkiya | | Rossiya | | Qazaqstan | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2020- j. | 2021- j. | 2020- j. | 2021- j. | 2020- j. | 2021- j. | 2020- j. | 2021- j. |
| **Jámi eksport** | **120 274,6** | **108 059,8** | **68899,4** | **93058,3** | **66377,0** | **82163,4** | **35401,2** | **40062,0** |
| sonıń ishinde: | | | | | | | | |
| Azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar | 1810,5 | 1647,3 | 584,6 | 1085,4 | 884,4 | 732,2 | 8 975,6 | 7185,4 |
| Ishimlikler hám temeki | | - | - | | | | 52,9 | 26,8 |
| Azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵidan tısqarı | 31282,3 | 37457,1 | 1470,2 | 8312,9 | 2 420,2 | 2 609,5 | 70,6 | 1 790,7 |
| Mineral janılǵi, maylaw mayları hám usıǵan uqsas materiallar | - | - | - | - | - | - | 43,9 | - |
| Haywanlar hám ósimlikler mayları, maylar hám mumlar | - | - | - | - | - | - | - | - |
| Ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler | 71091,9 | 45109,3 | 59208,5 | 71885,9 | 53610,7 | 71553,2 | 25863,9 | 30320,4 |
| Sanaat tovarları | 15656,4 | 23690,2 | 7209,8 | 11772,6 | 8428,2 | 6 060,5 | 5,9 | 20,2 |
| Mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri | - | - | 400,4 | - | - | 3,3 | 3,0 | 12,1 |
| Hár qıylı tayar buyımlar | - | 153,5 | 0,3 | | - | 5,0 | 51,1 | 92,6 |
| Xızmetler | 433,5 | 2,4 | 27,3 | 1,5 | 1033,6 | 1 199,6 | 334,3 | 613,7 |

Xızmetler eksportı kólemi 2 548,1 mıń AQSh dolların yaki jámi eksport kóleminiń 0,6 % in qurap, 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,5 % ke kóbeygenligi gúzetildi. Xızmetler eksportı quramınıń tiykarǵı úlesi saparlar (turizm) (15,0 %), transport (57,0 %) hámde finanslıq xızmetler (28,0 %) úlesine tuwra kelgen.



**XÍZMETLER EKSPORTÍ QURAMÍ**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, úlesi, % te)***






**MIYWE HÁM PALÍZ ÓNIMLERI EKSPORTÍ**

Azıq-awqat ónimleriniń tiykarǵı bólegi bolǵan 7 858,1 mıń AQSh dollar kólemindegi 36 982,8 tonnadan zıyat miywe hám palız ónimleri eksport qılınǵan. Bunda 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 2 764,7 mıń AQSh dollarǵa páseyiw gúzetilip, 74,0 % ke kemeydi. Miywe hám palız ónimleriniń eksport quramına qaralsa, 4 341,9 mıń AQSh dollarına teń 25 183,2 tonna palız ónimleri, sonday-aq, 854,4 mıń AQSh dolları kólemindegi 1 154,9 tonna miyweler eksport qılındı.

Húkimet tárepinen awıl xojalıǵı hám baǵshılıqtı rawajlandırıwǵa úlken itibar qaratılıp atırılǵanlıǵı sebepli, eksport qılınıp atırılǵan miywe hám palız ónimleriniń úlesi 55,3 % ti quradı.



**MIYWE HÁM PALÍZ ÓNIMLERI EKSPORTÍ**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, mıń AQSh dolları)***




Miywe hám palız ónimleriniń tiykarǵı eksport bazarları Qazaqstan (87,5 %), Rossiya Federaciyası (9,3 %) hám Italiya (2,4 %) mámleketleri úlesine tuwra kelgen.

Búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Respublıkasında miywe-palız ónimlerin islep shıǵarıw, qayta islew hám eksport qılıw sektorınıń potencıalı júdá joqarı hám bul qolay tábiǵiy-ıqlım shárayatlarınıń barlıǵı hámde máhálliy islep shıǵarıwshılar tárepinen toplanǵan tájriybe menende baylanıslıǵı menen kórinedi. Usı sebepli húkimet awıl xojalıǵı shiyki zatın sanaat tiykarında qayta islewge hám jetistirilgen ónimdi saqlaw infrastrukturasın rawajlandırıwǵa úlken itibar qaratpaqta.



**MIYWE HÁM PALÍZ ÓNIMLERI EKSPORTÍ GEOGRAFIYASÍ**
***(yanvar-dekabr)***

| Mámleket atı | 2020- jıl | | | 2021- jıl | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | tonna | mıń AQSh dolları | úlesi*, % te | tonna | mıń AQSh dolları | úlesi*, % te |
| Qazaqstan | 36 701,7 | 8 718,6 | 82,1 | 35 905,9 | 6 878,7 | 87,5 |
| Rossiya Federaciyası | 1 942,2 | 884,4 | 8,3 | 978,7 | 732,2 | 9,3 |

| Mámleket atı | 2020- jıl | | | 2021- jıl | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | tonna | mıń AQSh dolları | úlesi*, % te | tonna | mıń AQSh dolları | úlesi*, % te |
| Italiya | - | - | - | 52,6 | 188,8 | 2,4 |
| Qıtay Xalıq Respublikası | 501,2 | 497,4 | 4,7 | - | - | - |

**- summadan*



**TOQÍMASHÍLÍQ ÓNIMLERI EKSPORTÍ**

Toqımashılıq ónimleri eksportı kóleminiń ósiwi tikkeley paxta shiyki zatı ornına tayar ónim islep shıǵarıw hám qosımsha qun jaratıw maqsetinde ámelge asırılǵan reformalardıń nátiyjesi ekenin kóriw múmkin. Atap aytqanda, usı jilda 45 796,2 mıń AQSh dollarlıq toqımashılıq ónimleri eksportı ámelge asırılıp, ulıwma eksporttıń 10,9 % in quradı hám ótken jılǵa salıstırǵanda 29,6 % ke ósti.

Eksport qılınǵan toqımashılıq ónimleri quramında paxtadan iyirilgen jip (90,6 %) hámde jipek hám jipek ónimleri (6,9 %) tiykarǵı úlesti iyelegen. Jıl basınan 12 túrdegi toqımashılıq ónimleri dúnyanıń 8 mámleketine eksport qılındı.

Respublikanıń toqımashılıq sanaatın diversifikaciya qılıw hám tayar ónimler eksportın xoshametlew boyınsha ámeliy isler nátiyjesinde, mámleketimizdiń usı saladaǵı potentsialı asıp barmaqta.



**TOQÍMASHÍLÍQ ÓNIMLERI EKSPORTÍ DINAMIKASÍ**
***(yanvar-dekabr, mıń AQSh dolları)***

| Tovar nomi | 2019- y. | 2020- y. | 2021- y. |
|---|---|---|---|
|  Paxtadan iyirilgen jip | 26 714,2 | 34 327,6 | 42 832,0 |
|  Jipek hám jipek ónimleri | 2 404,6 | 1 791,8 | 3 286,0 |
|  Naǵıslı gezleme | - | - | - |
|  Basqa toqımashılıq ónimleri | - | - | 280,5 |

| Tovar nomi | 2019- y. | 2020- y. | 2021- y. |
|---|---|---|---|
| Tayar trikotaj hám tigiwshilik kiyimleri | - | - | 185,8 |
| Paxta ónimleri | 9,0 | 125,6 | 168,6 |
| Paxtadan gezlemeler | 0,0 | 28,5 | 509,2 |

Toqımashılıq ónimleriniń eń úlken úlesi Qıtay Xalıq Respublikası (24 267,2 mıń AQSh dolları – 51,3 %), Rossiya Federaciyası (6 014,1 mıń AQSh dolları – 12,7 %) hám Túrkiya (11 772,6 mıń AQSh dolları – 24,9 %) mámleketleri úlesine tuwra keldi.

**AYÍRÍM TOQÍMASHÍLÍQ ÓNIMLERI EKSPORTÍ**
***(yanvar-dekabr, mıń AQSh dolları)***




**MÁMLEKETLER KESIMINDE TOQÍMASHÍLÍQ ÓNIMLERI EKSPORTÍ DINAMIKASÍ**
***(yanvar-dekabr, mıń AQSh dolları)***

| Mámleketler | 2019- jıl | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|---|
| Qıtay Xalıq Respublikası | 15527,4 | 16448,0 | 24267,2 |
| Rossiya Federatciyası | 6885,8 | 8408,1 | 6014,1 |
| Túrkiya | 3981,7 | 7199,3 | 11772,6 |
| Pakistan | 43,3 | 2966,5 | 1393,3 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Qırǵız Respublikası | | 68,7 | 1766,0 |
| BAÁ | 1445,9 | | 90,3 |
| Iran | 190,4 | | 746,6 |
| Hindistan | 521,5 | 136,0 | 113,1 |
| Tájikstan | 214,0 | 864,1 | 649,9 |

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ IMPORTÍ
***(2021- jıl yanvar-dekabr)***

2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarında import kólemi 238,6 mln. AQSh dollarıń hám 2020- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 135,3 % ti quradı.

Import quramında eń úlken úles, mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri (42,9 %), azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar (12,4 %) hámde ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler (12,3 %) esabına tuwra keldi.




**XSSK BÓLIMI BOYÍNSHA IMPORT QURAMÍ**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, úlesi, % te)***



Tovarlar importı dinamikası analizine kóre, 2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarinda import qılınǵan tovarlar kólemi, ótken jıldıń mas dáwirine salıstırǵanda 62,3 mln. AQSh dollarǵa kóbeydi hám 135,3 mln. AQSh dollardı quradı. Xızmetler importı bolsa 11,8 mln. AQSh dollarǵa jetti.



**ǴMDA HÁM BASQA SÍRT EL MÁMLEKETLERINEN IMPORT QURAMÍ**
***(2021- jıl yanvar-dekabr)***

| Quramı | Jámi | | | ǴMDA mámleketleri | | | Basqa mámleketler | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | mıń AQSh dolları | ótken jılǵa salıstırǵanda, % te | ulıwma kólemge salıstırǵanda, % te | mıń AQSh dolları | ótken jılǵa salıstırǵanda, % te | ulıwma kólemge salıstırǵanda, % te | mıń AQSh dolları | ótken jılǵa salıstırǵanda, % te | ulıwma kólemge salıstırǵanda, % te |
| **Jámi import** | **238 579,1** | **135,3** | **100,0** | **75 596,6** | **110,0** | **100,0** | **162 982,5** | **151,5** | **100,0** |
| Azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar | 29 606,5 | 107,5 | 12,4 | 23 256,9 | 106,0 | 30,8 | 6 349,6 | 113,3 | 3,9 |
| Ishimlikler hám temeki | - | - | - | | - | - | | - | - |
| Azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵıdan tısqarı | 16 910,6 | 108,5 | 7,1 | 16 834,6 | 110,1 | 22,3 | 76,0 | 26,5 | 0,0 |
| Mineral janılǵi, maylaw mayları hám usıǵan uqsas materiallar | 16 825,8 | 144,2 | 7,1 | 9 241,9 | 147,1 | 12,2 | 7 583,9 | 140,9 | 4,7 |
| Haywanlar hám ósimlikler mayları, maylar hám mumlar | 7 175,3 | 162,7 | 3,0 | 7 175,3 | 162,7 | 9,5 | | - | - |
| Ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler | 29 445,6 | 115,3 | 12,3 | 3 372,7 | 91,7 | 4,5 | 26 072,9 | 119,2 | 16,0 |
| Sanaat tovarları | 16 840,6 | 108,8 | 7,1 | 9 510,6 | 92,2 | 12,6 | 7 330,0 | 142,0 | 4,5 |
| Mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri | 102 462,1 | 175,0 | 42,9 | 2 328,4 | 40,7 | 3,1 | 100 133,7 | 189,5 | 61,4 |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Hár qıylı tayar buyımlar | 7 541,4 | 75,0 | 3,2 | 324,2 | 46,4 | 0,4 | 7 217,2 | 77,1 | 4,4 |
| Xızmetler | 11 771,2 | 157,8 | 4,9 | 3 552,0 | 859,2 | 4,7 | 8 219,2 | 116,7 | 5,0 |

Ağımdağı dáwirde import qılınǵan tovarlar hám xızmetler quramınıń analizi sonı kórsetti, 2019- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda aziq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar importınıń úlesi 5,9 % ten 12,4 % ke ósti, mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri 49,9 % ten 42,9 % ke, hár qıylı tayar buyımlar úlesi bolsa 11,6 % ten 3,2 % ke kemeydi.




**IMPORT QURAMÍ DINAMIKASÍ**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, úlesi, % te)***

| XSSK quramı | 2019- jıl | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|---|
| **Jámi import** | **100,0** | **100,0** | **100,0** |
| sonıń ishinde: | | | |
| Azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar | 5,9 | 15,6 | 12,4 |
| Ishimlikler hám temeki | | | - |
| Azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵidan tısqarı | 7,3 | 8,8 | 7,1 |
| Mineral janılǵi, maylaw mayları hám usıǵan uqsas materiallar | 3,9 | 6,6 | 7,1 |
| Haywanlar hám ósimlikler mayları, maylar hám mumlar | 1,2 | 2,5 | 3,0 |
| Ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵar uqsas ónimler | 11,4 | 14,4 | 12,3 |
| Sanaat tovarları | 5,1 | 8,8 | 7,1 |
| Mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri | 49,9 | 33,2 | 42,9 |
| Hár qıylı tayar buyımlar | 11,5 | 5,7 | 3,2 |
| Xızmetler | 3,8 | 4,2 | 4,9 |

Xızmetler importınıń analizi sonı kórsetti, 2021- jıldıń yanvar-dekabr aylarinda 2020- jıldıń yanvar- dekabr aylarına salıstırǵanda jámi importtaǵı úlesi 3,8 % ten 4,9 % ke kóbeydi.



**AYÍRÍM IMPORT TOVARLARÍ**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, mıń AQSH. doll.)***






**XSSK BOYÍNSHA IMPORT QÍLÍNǴAN AYÍRÍM TÚRDEGI ÓNIMLER QURAMÍ**
***(2021- jıl yanvar-dekabr)***

| Ónim atı | Mıń AQSh dolları | ózgeriw pátleri, % te |
|---|---|---|
| **Azıq-awqat ónimleri hám tiri haywanlar** | | |
| Dánli eginler hám olardan tayarlanǵan ónimler | 17 239,4 | 104,6 |
| Tiri haywanlar | 8 011,7 | 136,3 |
| Kofe, shay, kakao, ziravarlar hám olardan tayarlanǵan ónimler | 109,4 | 77,0 |
| Palız hám miyweler | 493,6 | 263,9 |
| Gósh hám gósh ónimleri | 526,0 | 236,9 |
| Kumsheker hám asal | 24,1 | 1,3 |
| Sút ónimleri hám qus máyekleri | 886,7 | 289,9 |
| Balıq (teńiz sút emiziwshileri bolmaǵan), qısqıshbaqasımanlar, mollyuskalar hám suwda júziwshi omırtqasızlar hám olardan tayarlanǵan yarım tayar ónimler | 361,1 | 198,1 |
| Hár qıylı azıq-awqat ónimleri hám preparatlar | 1 850,2 | 129,1 |
| Haywanlar ushin korm | 360,3 | 12,6 |

| | | |
|---|---|---|
| **Ishimlikler hám temeki** | | |
| Ishimlikler | - | - |
| **Azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵidan tısqarı** | | |
| Probka hám aǵash-taxtalar | 14 708,7 | 95,5 |
| Metall rudaları hám metall bólekleri | 151,3 | |
| Haywanlar hám ósimliklerden kelip shıqqan shiyki zat materialları | 2 017,2 | 9,4 b. |
| Tóginler ushın shiyki zat hám mineral shiyki zat | 28,1 | 38,2 |
| Toqımashılıq ónimler | 0,1 | 0,2 |
| **Mineral janılǵi, maylaw mayları hám usıǵan uqsas materiallar** | | |
| Neft hám neft ónimleri hám usıǵan uqsas materiallar | 13 444,5 | 133,8 |
| Kómir, koks hám briketler | 3 367,6 | 228,5 |
| Tábiyiy yaki jasalma gaz | 13,7 | 9,4 |
| **Haywanlar hám ósimlikler mayları, maylar hám mumlar** | | |
| Ósimlik mayları | 7 166,2 | 162,5 |
| Haywan hám ósimlik mayları | 9,1 | - |
| Haywanlar mayları | - | - |
| **Ximiyalıq qurallar hám basqa kategoriyalarǵa kiritilmegen usıǵan uqsas ónimler** | | |
| Birlemshi formadaǵı plastmassalar | 1 046,5 | 95,7 |
| Boyaytuǵın hám terini iyleytuǵın zatlar hám boyawlar | 106,0 | 99,5 |
| Ximiyalıq materiallar hám ónimler | 19 178,6 | 120,7 |
| Organikalıq ximiya zatları | 6 283,9 | 102,1 |
| Birlemshi formada bolmaǵan plastmassalar | 1 657,7 | 155,1 |
| Organikalıq emes ximiyalıq zatlar | 772,4 | 118,3 |
| Éfïr mayları, rezïnoïdler jäne parfyumerïya; däretxana quralları | 40,2 | 33,6 |
| Tóginler | 360,3 | 93,8 |
| **Sanaat tovarları** | | |
| Shoyın hám polat | 1 534,0 | 46,1 |
| Rezina buyımları | 498,4 | 102,7 |
| Metallardan tayarlanǵan buyımlar | 1 226,5 | 120,4 |
| Toqımashılıq iyirilgen jibi, gezlemeler, tayar buyımlar hám usıǵan uqsas ónimler | 183,5 | 210,9 |
| Ruda bolmaǵan qazılmalardan tayarlanǵan ónimler | 2 227,9 | 91,1 |
| Probka hám terekten tayarlanǵan buyımlar (mebelden tısqarı) | 11 127,2 | 138,9 |
| Qaǵaz, karton hám qaǵaz massası, qaǵaz yaki kartonnan tayarlanǵan buyımlar | 41,5 | 42,4 |
| Renli metallar | 1,5 | 68.2 |

| Mashinalar hám transport ásbap-úskeneleri | | |
|---|---|---|
| Energiya generatorı mashinaları hám ásbap-úskeneler | 18 140,8 | 50,7 b. |
| Anıq tarawlar ushın arnawlı móljellengen mashinalar | 41 152,7 | 192,9 |
| Sanaat ushın arnawlı bolmaǵan mashinalar hám ásbap-úskeneler hám olardıń detalları | 20 208,0 | 145,2 |
| Elektr mashinaları, apparatlar, ásbaplar hám olardıń elektr bólekleri | 3 253,1 | 76,3 |
| Elektr baylanısı, dawıstı jazıw hám esittiriw apparaturaları hám úskeneleri | 7 008,1 | 60,0 |
| Metallardı qayta islew mashinaları | 345,6 | 65,0 |
| Kantselyariya mashinaları hám maǵlıwmatlardı avtomatikal'q ráwishte qayta islew ushın ásbap-úskeneler | 62,2 | 19,7 |
| Avtomobiller | 8 600,7 | 144,3 |
| Basqa transport buyımları | 3 690,9 | 17,1 b |
| **Hár qıylı tayar buyımlar** | | |
| Hár qıylı tayar buyımlar | 686,5 | 79,2 |
| Arnawlı, ilimiy hám qadaǵalaw ásbapları hám apparatları | 2 939,8 | 149,2 |
| Bloklı binalar, suw ótkiziw, kanalizatsiya ısıtıw hám jaqtılandırıw úskeneleri ushın armatura hám bekkemlew maslamaları | 3 665,2 | 51,3 |
| Ayaq-kiyim | 2,1 | 350,0 |
| Kiyim-kenshekler hám kiyim-kenshek buyımları | 34,2 | 6,6 b. |
| Mebel hám onıń bólekleri, jatarjay buyımları, matraslar, matraslar ushın tirgekler, kópshikler hám usıǵan uqsas tigilgen mebel | 205,1 | 515,3 |
| Fotografiyalıq apparatura, úskene, isletiletuǵın materiallar hám optikalıq buyımlar, basqa jerde klassifikaciyalanbaǵan; saatlar | 8,4 | 23,9 |
| **Xızmetler** | | |
| Basqa is boyınsha xızmetler | 6 853,0 | 116,8 |
| Transport xızmetleri | 502,1 | 451,9 |
| Texnikalıq xızmet kórsetiw hám ońlaw xızmetleri | 3 749,1 | 488,6 |
| Finanslıq xızmetler | 667,0 | 97,4 |

Hár qıylı tayar buyımlar importı kólemleriniń kemeyiwine bloklı binalar, suw ótkiziw, kanalizatciya ısıtıw hám jaqtılandırıw úskeneleri ushın armatura hám bekkemlew maslamaları (51,3 % ke páseygen), hár qıylı tayar buyımlar (79,2 % ke páseygen) importınıń kemeyiwine tásir qılǵan.

Azıq-awqatlıq emes shiyki zat, janılǵidan tısqarı importınıń kemeyiwine bolsa, probka hám aǵash-taxtalar (95,5 % ke páseygen) importınıń kemeygenligi tikkeley tásir etken.

**ǴMDA HÁM BASQA SÍRT EL MÁMLEKETLERINEN TOVAR HÁM XÍZMETLER IMPORTÍ KÓLEMLERI DINAMIKASÍ**
***(yanvar-dekabr, mln. AQSh dolları, úlesi, % te)***




Esabat dáwiri juwmaqlarına kóre, import boyınsha sherik mámleketler arasında Qıtay Xalıq Respublikasın ulıwma import kóleminde 18,7 % úlesi menen Rossiya Federatciyası (17,6 %) artta qaldırǵan halda birinshi orındı iyeledi.

2021- jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵı boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası tárepinen 46 mámleket penen tovarlar hám xızmetler importı ámelge asırıldı.

**TOVAR HÁM XÍZMETLER IMPORTINDAǴÍ JIGIRMA IRI SHERIK MÁMLEKETLER**
***(yanvar-dekabr)***

| Mámleket atı | mıń AQSH dolları | | ósim páti, % te | | ornı | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2020- j. | 2021- j. | 2020- j. | 2021- j. | 2020- j. | 2021- j. |
| Qıtay Xalıq Respublikası | 35619,3 | 44649,7 | 53,2 | 125,4 | 2 | 1 |
| Rossiya Federatciyası | 42858,5 | 42052,0 | 116,9 | 98,1 | 1 | 2 |
| Qazaqstan | 18493,2 | 23923,9 | 128,7 | 129,4 | 4 | 3 |
| Koreya Respublikası | 25428,9 | 23407,8 | 55,1 | 92,1 | 3 | 4 |
| Túrkiya | 2857,3 | 14457,5 | 14,2 | 506,0 | 7 | 5 |
| Litva | 1717,7 | 12014,7 | 50,9 | 699,4 | 16 | 6 |
| Shvesiya | 2131,9 | 10289,7 | 58,0 | 482,7 | 14 | 7 |
| Vyetnam | 552,0 | 9212,5 | 207,7 | 1668,9 | 23 | 8 |
| Germaniya | 12121,7 | 7186,7 | 81,2 | 59,3 | 5 | 9 |
| Chexiya Respublikası | 2431,1 | 6868,5 | 228,5 | 282,5 | 11 | 10 |
| BAÁ | 636,1 | 6295,0 | 23,7 | 989,6 | 27 | 11 |
| Niderlandiya | 949,8 | 5478,1 | 71,4 | 576,8 | 22 | 12 |
| Qırǵız Respublikası | 2317,0 | 4146,6 | 134,5 | 179,0 | 12 | 13 |
| Iran | 2594,2 | 4037,0 | 45,0 | 155,6 | 10 | 14 |
| Túrkmenistan | 2610,5 | 3580,5 | 72,5 | 137,2 | 9 | 15 |
| Latviya | 4439,5 | 3026,8 | 48,9 | 68,2 | 6 | 16 |
| Gonkong | 590,9 | 1857,5 | 27,3 | 314,4 | 28 | 17 |
| Polsha | 2070,9 | 1651,5 | 92,0 | 79,7 | 15 | 18 |
| Avstriya | 2148,8 | 1386,9 | 269,7 | 64,5 | 13 | 19 |
| Ruminiya | 2713,5 | 1353,3 | 119,8 | 49,9 | 8 | 20 |

Sonı aytıw kerek, Qıtay Xalıq Respublikası, Rossiya Federatciyası, Qazaqstan, Koreya Respublikası, hám Vyetnam kibi mámleketler

Qaraqalpaqstan Respublikasına tovar hám xızmetler importindaǵı iri sherik mámleketlerdiń birinshi jigirmalıǵına kirdi.

Jeti iri sherik mámleketler (Qıtay Xalıq Respublikası, Rossiya Federaciyası, Qazaqstan, Koreya Respublikası, Túrkiya hám Germaniya) jámi importtıń 71,6 % úlesin quradı, bul 170,8 mln. AQSh dolların quradı.

**RESPUBLIKA IMPORTÍNDA TIYKARǴÍ SHERIK MÁMLEKETLERDIŃ ÚLESI**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, % te)***




Respublikadaǵı investiciyalıq ortalıqtıń jaqsılanǵanı sayın hám usı salada ámelge asırılǵan reformalar nátiyjesinde mashina hám úskeneler, sonday-aq,

olardıń bólekleri importınıń ósiwi tábiǵiy. Sonday qılıp, Qıtay Xalıq Respublikası, Koreya Respublikası, Rossiya Federaciyası, Qazaqstan tárepinen kiritilgen úlken kólemdegi investiciyalar nátiyjesinde, ónimler importı kóleminde usı mámleketlerdiń joqarı úlesi saqlanıp qalmaqta.



**XÍZMETLER IMPORTÍ QURAMÍ**
***(2021- jıl yanvar-dekabr, úlesi, % te)***




2021- jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵı menen xızmetler importı kólemi 11 771,2 mıń AQSh dolların yaki jámi import kóleminiń 4,9 % in quradı hám ótken jılǵa salıstırǵanda 0,7 % ke túsken. Xızmetler importı quramınıń tiykarǵı úlesi texnikalıq xızmet kórsetiw hám ońlaw xızmetleri (58,2 %) hám basqa is boyınsha xızmetler (31,8 %) den ibárat boldı. Sonday-aq, finanslıq xızmetler (5,7 %) hám transport xızmetleri (4,3 %) quradı.

**Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar hám sawda statistikası bólimi**
**Tel.: (61) 224-92-06**